

## Rezime Egzekitif

Misyon sante ak byennèt BPS se pou favorize aktivman byennèt fizik, sosyal, ak emosyonèl tout elèv yo pou soutni devlopman sen ak preparasyon yo pou aprann. BPS vize kreye divès anviwònman aprantisaj san danje, sen ak dirab pou chak timoun nan chak klas nan chak lekòl. Politik Byennèt Distri Konplè nou an founi fèy-de-wout pou mete an èv objektif sa.

Politik Byennèt Distri a konpoze ak uit domèn politik: 1) Metriz Kiltirèl, 2) Sèvis Alimantasyon ak Nitrisyonèl Eskolè, 3) Aktivite Fizik Konplè ak Edikasyon Fizik, 4) Edikasyon Sante Konplè 5) Lekòl Sen ak Solidè 6) Sèvis Sante yo, 7) Anviwònman Lekòl Sanitè, ak 8) Byennèt Manm Pèsonèl la.

Rapò anyèl kantitatif sa kouvri Ane Lekòl 2021-2022. Enfòmasyon nan rapò sa reflete efò ki fèt pandan premye ane konplè lekòl BPS yo te retounen nan aprantisaj fas a fas pandan eta ijans sante publik COVID la te toujou an plas epi vil la ansanm ak distri lekòl la t ap entèprete, kominike ak mete an èv divès pwotokòl sante ak sekirite adisyonèl ki lye ak COVID. Rapò yo detaye konklizyon yo pa domèn politik, nan etabli divès konparezon avèk ane avan yo lè sa posib ak nan souliye siksè yo ak defi yo. Avan pou egzamine chak domèn politik, rapò a egzaminen pi prè fonksyonalite konsèy sou byenèt distri a ak lekòl endividyle (school wellness council, SWC). Rezulta elèv yo lye ak konpòtman sen, pèsepsyón ak atitud, ak prevalans obezite ak asmatik nan distri a ki prezante nan fen an. Rapò a konkli avèk yon diskisyon sou rezulta ansanm ak rekòmandasyon pou mizannèv politik byennèt la.

Rapò sa soumèt ak Sirentandan Komite Lekòl yo ak Lekòl la pa Konsèy Byennèt Distri a (DWC) selon Nòm Massachusetts yo pou egzijans rapò anyèl Konsèy Byennèt Lekòl yo epi pral soumèt nan Depatman Edikasyon Primè ak Segondè (DESE) nan kad egzijans rapò pou odit DESE nan Depatman Sèvis Alimantasyon ak Nitrisyonèl.

## Prensipal Konklizyon pa Domèn Politik

### Konsèy Byen-èt Baze nan Lekòl yo:

- Mizannèv global konsèy byennèt nan milye lekòl te diminye, epi domèn politik sa konsidere pasyèlman mizannèv akoz de bès nan kantite WAP ki soumèt.
- Fonksyonalite Konsèy Byen-èt Baze nan Lekòl yo: 69% lekòl yo te soumèt yon Plan Aksyon pou Byennèt (84 WAP soumèt); pamí lekòl sa yo, 59% te idantifye kòm ko-prezidan pou konsèy yo asire kowòdinasyon konsèy la epi 96% te delege divès mezi aksyon ak plizyè manm pou ranfòse yon lidèchip ak yon angajman pataje anvè travay konsèy la; 79% te idantifye divès objektif espesifik, mezirab, reyalizab, reyalis, ak limite nan tan (SMART).
- Pandan ke mwens lekòl dispoze konsèy byennèt epi te soumèt WAP yo, lekòl yo te konsantre loudman sou kesyon pou abòde pwotokòl sante ak sekirite COVID-19 yo epi abòde bezwen elèv yo ansanm ak pèsonèl la ki gen difikilte pandan pandemi an, nan elabore divès plan atravè lòt kanal.

### Konpetans Kiltirèl

- Mizannèv jeneral domèn politik Metriz Kiltirèl la te ogmante akoz de aksyon yo nan distri a ak nan nivo lekòl yo, epi domèn politik sa te konsidere pasyèlman mizannèv.

- Te ogmante fòmasyon ak resous yo nan biwo santral la ak nan lekòl yo: Yon Nouvo Fòmasyon sou Ekite Rasyal (Racial Equity and Leadership, REAL) te lanse epi te genyen yon fòmasyon adisyonèl ak divès resous pou soutni elèv LGBTQ+ yo ak dyalòg sou ras yo.
- Bezwèn kontini pou amelyore angajman elèv yo ak fanmi yo nan konsèy sou byennèv lekòl yo: 4 lekòl genyen divès elèv ki enskri sou lis konsèy byennèt yo a; 9 lekòl ki enskri manm nan fanmi pa yo.
- Te genyen plizyè efò nan Ane Lekòl 2021-22 a pou mete antirasism nan sant travay nan distri a ak nan lekòl yo, plizyè mezi te pran pou abòde ekite nan sante ak edikasyon, epi nou dwe kontinye abòde travay ki bezwen fèt sou baz disparate ki evidan nan done sou sante elèv yo, espesyalman elèv Nwa yo ak Latino yo, elèv fanm yo, ak elèv ki idantifye kòm LGBTQ+.

### **Pwomosyon Alimantasyon ak Nitrisyon Nan Lekòl yo:**

- An jeneral, pa gen okenn chanjman nan mizannèv domèn politik Pwomosyon Alimantasyon ak Nitrisyon Nan Lekòl yo ki rete mizannèv an majorite.
- Amelyorasyon nan enfrastrikti kwizin lan te pèmèt pou 17 lekòl anplis founi yon preparasyon repa sou plas, epi 56% lekòl ki gen kafeterya te prepare repa pou manje midi.
- Dispozisyon elijibilite Kominote ap kontinye pèmèt BPS founi divès repa nan lekòl gratis pou tout elèv yo, epi 100% lekòl sèvi manje maten aprè klòch la sonnen.
- Kominikasyon ak respè politik konkiransyèl la nan kesyon aliman ak bwason kontinye poze pwoblèm nan lekòl yo: 65% nan lekòl yo te fè konnen ke tout manje deyò pwogram repa lekòl yo te swiv divès direktiv nitrisyonèl BPS, 68% te entèdi pou yo vann manje pandan moman repa yo, epi sèlman 39% nan lekòl yo te fè konnen y ap swiv tout eleman yo pou politik la.
- Developman pwofesyonèl pou edikasyon nan nitrisyon nesesè paske se sèlman 34% prensipal pwofesè nan edikasyon sanitè yo te fè konnen ki ap resevwa PD sou sijè a nan de (2) dènye ane yo.

### **Aktivite Fizik Konplè ak Edikasyon Fizik Konplè:**

- Mizannèv jeneral domèn politik sa pa t chanje lè nou te konsidere tout eleman yo nan apwòch konplè a. Domèn politik sa te pasyèlman mizannèv.
- Prèske tout lekòl ki ap desèvi tout klas PreK-8 (97%) reponn ak egzijans edikasyon fizik 45 min pa semèn yo. 82% nan lekòl ki gen klas 9-12 te ofri kèk PE, men se sèlman 55% ki ofri tout klas 9-12, jan yo rekòmande sa.
- Te genyen ogmantasyon nan pousantaj klas 6, 7, ak 8 ki gen kèk rekreyasyon pandan semèn lan, epi ogmante nan klas 6 ki gen omwen 20 min pa jou. Sepandan, sèlman 44% lekòl ki genyen tout klas 6-8 ki te founi montan chak jou ki rekòmande pou nivo sa yo. Tout lekòl PreK-5 yo apkontinye ofri rekreyasyon, men sèlman 72% te te rapòte y ap ofri 20 min rekreyasyon chak jou pou tout klas PreK-5 nan lekòl pa yo.
- Pousantaj lekòl ki ofri pwogram aktivite fizik avan ak apre lekòl yo te diminye soti 2020 (83%) rive 2022 (74%). Pwogramasyon Espòtif BPS la te toujou ap rebondi aprè arè pandemi an te lakoz yo epi patisipasyon total la te rete fèb.
- Nan sa ki konsène edikasyon fizik, rekreyasyon, ak opòtinite pou mouvman nan salklas la, mwens pase 60% lekòl t ap founi tout elèv yo ki nan klas PreK-8 150 min/semèn aktivite fizik pandan moman lekòl la.

- Anviwon yon ka nan lekòl yo rapòte yo toujou kanpe aktivite fizik kòm pinisyon malgre politik ak mizajou Kòd Kondwit la.

### **Edikasyon Sante Konplè:**

- Mizannèv global domèn politik Edikasyon Sante a te diminye, epi politik sa te konsidere mizajou minimalman.
- 14% lekòl yo nan distri a te reponn ak egzijans edikasyon sante minimòm jan sa dekri nan politik la (pi piti pase Ane Lekòl 2019-20), pandan 26% t ap vanse pou reponn ak politik la, epi 59% pa t ap founi HE (Edikasyon nan Sante).
- 29% lekòl elemantè te fè konnen reponn ak egzijans minimòm yo, pi piti pase nan Ane Lekòl 2019-20. 27% lekòl primè yo te fè konnen ofri edikasyon sante nan tout klas preK-5 yo. 52% pa t ofri okenn edikasyon sante nan okenn klas.
- 39% lekòl i gen klas 6-8 bezwen 2+ semès edikasyon nan sante, epi 54% lekòl ki gen klas 9-12 bezwen 1+ semès; te genyen vrèman yon ti kras pwofesè ki gen lisans nan edikasyon nan sante k ap anseye klas sa yo

### **Anviwónman Lekòl Ki an Sante**

- Mizannèv jeneral Anviwónman Lekòl Sen yo amelyore akoz de chanjman nan enfrastrikti, epi domèn politik sa te konsidere pasyèlman mizannèv.
- Amelyorasyon enfrastrikti dlo potab yo kontinye fè lekòl yo pase sot nan dlo nan boutèy ale nan tiyo dlo filtre, epi pwotokòl analiz dlo a kontinye fonksyone san pwoblèm pou idantifye epi rezoud rapidman tout pwoblèm.
- Envestisman ak aktivite siyifikativ yo te fèt pou amelyore ak sipèvize kalite lè a; amelyorasyon enfrastrikti majè yo nesesè pou kontinye adrese konfò tèmik ak vantilasyon nan ansyen batiman yo.
- Majorite estrikti jwèt ekstèn yo nan kondisyon ekselan (75 sou 87), ansanm ak pwogram jaden aktif nan lekòl ak espas nan salklas ekstèn yo te ogmante. Aksè ak sipò pou bisiklèt e ak enfrastrikti transpò aktif yo rete menm jan.
- Mwens chèf lekòl te fè konnen kominke eleman politik kle pou pèsonèl lekòl la: pwodwi netwayaj ekolojik, jesyon antiparazitè, resiklaj ak dezankonbreman.

### **Lekòl San Danje ak Solidè:**

- Mizannèv global domèn politik sa ki gen plizyè fasèt te amelyore, epi domèn politik Lekòl Sen ak Solidè a te konsidere sèlman pasyèlman mizannèv.
- Yon gwo ogmantasyon nan FTE total pou pòs ki founi yon sipò dirèk bay elèv yo pou bezwen sante sosyal, emosyonèl ak/oubyen mantal yo, apati de 246,5 rive nan 355,4 FTE, kontribiye. Sa esplike prensipalman pa yon ogmantasyon kantite travayè sosyal, ki plis pase double soti nan 59,6 rive 166,6 FTE. Poutan, se sèlman 20% lekòl ki respekte ratyo 1 sikològ lekòl pou 500 elèv.
- 67% chèf lekòl te fè konnen ke lekòl gen pwogram etid, soutyen ak sèvis nivo I, II, ak III pou developman sosyal, emosyonèl ak konpòtmantal elèv.
- Selon chèf lekòl yo, yon fòmasyon sou mizannèv estrateji BPS SEL toujou nesesè nan tout lekòl distri a. 45% chèf lekòl yo solidman dakò ke yo alèz avèk nivo fòmasyon ak edikasyon pou soutni developman emosyonèl sosyal elèv yo, epi sèlman 35% solidman dakò ke tout pèsonèl la ak pwofesè

yo nan lekòl pa yo e resevwa fòmasyon sou Konpetans BPS SEL yo; majorite nan chèf lekòl yo sèlman dakò pasyèlman avèk de (2) afimasyon yo.

- Pousantaj lekòl ki gen GSA te ogmante soti nan 51% rive 62%
- Gen pi piti lekòl ki fè konnen yo gen yon Ekip Revisit Elèv (93%), men yon pi gwo kantite lekòl te deklare yo gen tout patisipan ki rekòmande nan SST (45%).
- 42% lekòl ki gen klas 6-12 te idantifye yon ajan liyezon politik avèk fiti elèv ak paran yo, yon ogmantasyon pa rapò ak 28%.
- 72% lekòl te fè konnen yo gen omwen de (2) ajan liyezon ki fòme pou Prevansyon Kont Entimidasyon, yon ogmantasyon pa rapò ak 28%; sepandan, sèlman 10% te fè konnen ke tout pèsonèl ki nan lekòl yo a te fini fòmasyon sou entèvansyon nan prevansyon kont entimidasyon anyèl.
- Rezo Resous Edikasyon pou Moun ki Sanzabri nan BPS ap kontinye amelyore idantifikasiyon ak sipò pou elèv k ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri ak ensekirite lojman
- Sondaj sou Klima Lekòl Elèv yo montre bezwen pou amelyorasyon siyifikatif kilti ak klima lekòl ki lye ak sekirite lekòl e ak sipò pèsonèl la.

### Sèvis Sante

- Mizannèv jeneral politik Sèvis Sante yo diminye akoz de aktivite ijans nan sante piblik yo ki nesesè, epi domèn politik la te konsidere sitou kòm mizannèv.
- Repons ak pandemi COVID-19 la te kontinye entewonp fonksyon regilye kèk enfimyè lekòl (pa egzanp, depistaj sante) epi te prezante plizyè lòt responsabilite ki lye ak jesyon COVID, tankou jesyon tès yo, rechèch kontra ak komunikasyon yo, rapò siveyans, ak pwotokòl adaptasyon ak operasyon paske politik ak kondisyon yo te chanje.
- Chèf lekòl segondè yo te fè konnen gen pi piti kantite sèvis ak referans pou sante seksyèl ki disponib nan majorite kategori, avèk eksepsyón tès gwo sèvis yo, swen prenatal ak apwovizyonman prezèvatif. Amelyorasyon nesesè nan majorite kategori referans sante seksyèl yo.
- Gen mwens manm Ekip Aksè ki konplete yon fòmasyon nan Ane Lekòl 2021-22 (23%)
- Nou te etann Pwogram Aksè Manstriyèl la pou tout lekòl yo nan BPS, yon ogmantasyon nan 77 lekòl te touche avan sa, epi te ogmante opsyon pwodwi yo ak pwen aksè yo nan lekòl la.
- Sant Sante ak Sant Resous Sante nan Lekòl yo te atenn mwens elèv ki gen sèvis ak resous, epi kantite patnè kominate ki founi sèvis sante yo pou swen prensipal, vizyon, ak sèvis dantè yo te diminye ant 19-20 ak 21-22

### Byenèt Pèsonèl la:

- Te genyen yon ogmantasyon nan kantite lekòl ki gen ladan l yon objektif Byennèt pou Pèsonèl la nan plan aksyon byennèt (50 sou 84 WAP te soumèt); 21% nan objektif WAP yo nan distri a te lye ak byennèt pèsonèl la.
- Yon majorite chèf lekòl fè konnen ke mizannèv divès estrateji pou favorize byennèt fizik, sosyal, ak emosyonèl kò pwofesè ansanm ak pèsonèl la, 68% lekòl yo te kreye divès opòtinite pou pwomosyon byennèt pèsonèl la nan sit lekòl yo, espesyalman pandan lè kontraktyèl yo.
- Plizyè depatman biwo santral kontinye sipòte dimansyon byennèt pèsonèl la; Ekip Rekritman, Kilti ak Divèsite nan OHC ap konsantre espesifikman sou soutyen ak retansyon e ak devlopman pwofesè yo e ak pèsonèl koulè yo.

- 14 lekòl te gen divès chanpyon byennèt pèsonèl epi 32 lekòl te resevwa finansman pou amelyore espas espesifik pou pèsonèl la (pa egzanp, salon pèsonèl yo).
- Se sèlman yon ti kras plis pase mwatye pwofesè yo te reponn favorableman konsènan pèsepsyon yo sou klima sosyal ak aprantisaj jeneral lekòl pa yo; 46% pwofesè te reponn favorableman konsènan pèsepsyon kantite ak kalite kwasans pwofesyonèl ak opòtinite aprantisaj ki disponib pou kò pwofesè a ak pèsonèl la.

## Rekomendasyon

Pou asire ekite pou tout elèv BPS yo, yo dwe gen aksè ak yon anviwònman ki founi sante kalite ak edikasyon byennèt, divès pwogram, ak sèvis, nou dwe kontinye mete an èv politik la nan lekòl divèsifye yo nan distri a. Nou sigjere etap aksyon swivan yo:

**1. Amelyore komunikasyon sou règleman yo ak Responsab yo, lekòl yo, jèn yo ak fanmi yo:**

- a. Devlope yon plan pou difize enfòmasyon sou Politik Byennèt la pou ogmante konsyantizasyon ak konesans pami direksyon distri a, chèf lekòl yo, pèsonèl nan lekòl yo, ak fanmi yo.
  - i. Kontinye fè itilize divès kanal komunikasyon ki egziste nan distri a epi itilize sa ki nouvo yo toutotan yo disponib.
  - ii. Avèk chanjman direksyon nan distri a, asire yon konpreyansyon ak yon adopsyon politik la nan tout nivo BPS.
  - iii. Ranfòse lyen ant Plan Aksyon Byennèt ak Plan Lekòl Kalite yo.
- b. Dekri plizyè apwòch pou angaje paran yo ansanm ak èd swayan yo epi pran an kont kòmantè yo regilyèman pou plis enplike entèvenan sa yo nan SWC yo.

**2. Ranfòse Konsèy Byennèt Distri a ak sou-komite yo:**

- a. Kenbe yon reprezentasyon divèsifye entèvenan yo antan ke manm DWC, jan sa defini nan politik la.
- b. Amelyore fonksyonalite sou-komite yo, espesyalman Metriz Kiltirèl, Anviwònman Fizik Sanitè, ak Byennèt Pèsonèl la.
- c. Amelyore sistèm done yo pou evalye mizannèv Politik Byennèt la.
  - i. Pou amelyore dirabilite pwoesis evalyasyon an epi amelyore enpak kolektif, sistèm pou kolaborasyon ak pataj done yo dwe amelyore.

**3. Tout depatman ak biwo yo responsab pou mizannèv domèn politik la dwe gen ladan / estrateji ak referans mizannèv politik byennèt yo nan plan travay pa yo ansanm ak plan estratejik pou amelyore aliyan avèk objektif byennèt depatman ak distri:**

- a. Konvoke yon komite entèn avèk chèf depatman ak biwo yo pou rankontre chak trimès pou diskite sou plan estrateji ansanm ak referans pou mete an èv Politik Byennèt Distri BPS la.
- 4. Tout depatman ki responsab pou mizannèv domèn politik la dwe adrese pwoblèm mizannèv kle swivan yo pou amelyore mizannèv politik byennèt nan distri a ak nan nivo lekòl la:**
  - a. Konpetans Kiltirèl

- i. Ogmante reprezentasyon elèv yo ak fanmi yo nan DWC ak konsèy byennèt nan lekòl yo pou asire ke efò ak aktivite yo santre vizyon kominote lekòl yo ansanm ak distri a.
- ii. Kontinye amelyore kapasite lekòl yo pou evalye kolektivman estrikti òganizasyonèl, politik, ak pratik nan nivo lekòl yo pou prejije atravè fòmasyon, asistans teknik, ak itilizasyon zouti obsèvasyon ak vizit gide.
- b. **Pwomosyon Alimantasyon ak Nitrisyon Nan Lekòl yo:**
  - i. Kontinye amelyore kapasite distri a pou founi divès repa ki frèchman prepare sou plas gras ak modènizasyon kwizin yo e ak divès metòd distribisyon inovan.
  - ii. Kontinye ogmante pwosesis kwizin yo pou enkli ladan yo divès repa ki kiltirèlman pètinan epi mete an èv yon pwosesis pou kòmantè nan men elèv yo.
  - iii. Amelyore jesyon kontra yo pou distribitè otomatik yo nan lekòl yo pou asire ke kontni yo reponn ak direktiv distri yo gras ak Siveyans Sèvis Alimantasyon ak nitrisyon yo.
  - iv. Amelyore komunikasyon ak ranfòsman pratik anviwònman aliman sen ki dekri nan politik alimantasyon ak bwason konpetitif pou lekòl yo ak biwo santral la.
  - v. Ogmante divès opòtinite pou fòmasyon nan edikasyon nitrisyon gras ak Ekip Edikasyon Sante OHW
- c. **Aktivite Fizik Konplè ak Edikasyon Fizik Konplè:**
  - i. Ogmante tan nan kalandriye lekòl yo pou rekreyasyon 20 min/jou pou PreK-8, menm jan ak fòmasyon, ekipman, ak resous pou soutni lekòl yo nan fason yap jere rekreyasyon pou klas entèmedyè yo.
  - ii. Kontinye amelyore òf edikasyon fizik yo pou lekòl segondè yo nan finanse pèsonèl Edikasyon Fizik adisyonèl, amelyorasyon espas, ekipman adisyonèl, kourikoulòm, ak aprantisaj pwofesyonèl.
  - iii. Amelyore komunikasyon avantaj PA yo sou sante mantal elèv la, konpòtman ak atansyon epi redwi kantite lekòl ki refize oubyen ap itilize Aktivite Fizik kòm yon pinisyon.
  - iv. Amelyore kowòdinasyon santralize pou Trajè Sen rive nan Lekòl Boston pou pi byen favorize ak soutni yon transpò aktif.
- d. **Edikasyon Sante Konplè:**
  - i. Amelyore Mizannèv egzijans edikasyon sante nan tout nivo: primè, entèmedyè, ak lekòl segondè.
  - ii. Ogmante kantite pwofesè edikasyon sanitè ki gen pèmi k ap anseye CHE nan klas 6-12 ak kantite pwofesè ki jwenn fòmasyon k ap anseye CHE nan klas PreK-5.
  - iii. Amelyore kalandriye jeneral lekòl yo pou mete tan pou edikasyon sante.
  - iv. Toutotan distri a ap oryante vè plis lekòl K-6, politik pou klas entèmedyè yo dwe adapte pou rann li klè lè elèv 6èm, 7èm, ak 8èm ane dwe resevwa edikasyon sante.
- e. **Anviwònman Lekòl Ki an Sante**
  - i. Amelyore komunikasyon politik HSE yo pou chèf lekòl yo ak pèsonèl la epi founi plis opòtinite pou fòmasyon ak pataj enfòmasyon ant enstalasyon yo ak chèf lekòl yo.
  - ii. Ogmante angajman nan lekòl nan efò zewo gaspiyaj nan distri a.
  - iii. Priyorize divès eleman enfrastrikti ki soutni sante ak byennèt elèv la ansanm ak pèsonèl la kòm plan distri yo pou nouvo batiman ak amelyorasyon enfrastrikti nan tout distri a, ki gen ladan I enfrastrikti pou soutni yon transpò aktif pou elèv yo ak pèsonèl la.
- f. **Lekòl San Danje ak Solidè:**

- i. Amelyore kowòdinasyon MTSS ak aliyanan nan divizyon biwo santral yo pou soutni lekòl yo pou attenn yon mizannèv MTSS solid.
  - ii. Ranfòse aprantisaj sosyal emosyonèl nivo 1 pa mwayer envestisman nan devlopman pwofesyonèl transfòmatif SEL ak Kotch pedagojik pou ogmante sipò SEL pou granmoun, klima salklas la, ak entegrasyon SEL nan domèn akademik.
  - iii. Kontinye founi fòmasyon entansif ak sipò devlopman pou nouvo pèsònèl sipò sante mantal yo ak liyezon fanmi yo nan lekòl yo pou ranfòse sistèm apwòch sipò plizyè nivo.
  - iv. Ogmantasyon opòtinite fòmasyon prevansyon kont entimidasyon pou pèsònèl lekòl yo epi ogmante konsyantizasyon pwogram yo, liy asistans yo, ak fòmasyon pou abòde ak rapòte entimidasyon.
  - v. Ogmante konsyantizasyon ak konprevansyon Politik Fiti Elèv ak Paran yo (EPS) gras ak fòmasyon liyezon EPS ak aksè fasil ak divès resous ak enfòmasyon.
  - vi. Kontinye konstwi ak amelyore sipò pou elèv LGBTQ+ yo ak elèv k ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri yo.
- g. **Sèvis Sante**
- i. Kontinye ogmante kapasite enfimyè lekòl yo pou founi sèvis swen sante pou elèv yo, ansanm ak kapasite Depatman Sèvis Sante yo pou soutni koleksyon done yo ansanm ak devlopman enfimyè pwofesyonèl.
  - ii. Ogmante fòmasyon yo, resous yo, epi soutni enfimyè lekòl yo pou founi divès sèvis sante seksyèl ak referans pou elèv lekòl entèmedyè ak segondè yo.
  - iii. Amelyore sipò operasyonèl pou distribisyon prezèvatif ak aksè ak pwodwi manstriyasyon yon jan pou lekòl yo jwenn founiti yo bezwen epi elèv yo kapab jwenn fasilman aksè ak yo.
  - iv. Amelyore aksè elèv yo ak swen preventif gras ak ogmantasyon kolaborasyon avèk patnè kominate yo ak itilizasyon sant sante ki nan lekòl yo e ak sant resous sante yo.
- h. **Byennèt Pèsònèl la:**
- i. Etabli yon chèf nan nivo distri a pou byennèt pèsònèl la pou kowòdone yon plan pou pwomosyon byennèt pèsònèl dirab ak sipò pou inisyativ nan lekòl yo.
  - ii. Mete ajou seksyon Byennèt Pèsònèl nan Politik Byennèt BPS la epi kreye yon sikilè direktiv mizannèv.